



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 19 NOMINASYON POU REJIS ETA AK NASYONAL PLAS ISTORIK YO

Sit yo reprezante istwa ki varye, mete aksan sou eritaj rich New York Nominasyon yo genyen ladan yo yon "Chato" nan Catskills, yon Boulanjri Buffalo ki fè Pen Wonder, yon premye Legliz Kreyèn an Arab nan Brooklyn, ak yon Bibliyotèk Kominotè Adirondack

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Konsèy pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Board for Historic Preservation) te rekòmande pou yo ajoute 19 pwopriyete nan Rejis Eta ak Nasyonal Plas Istorik yo. Nominasyon sa yo enkli yon "chato" ke fotograf /avyatè enpòtan nan Montay Catskill, Otto Hillig te konstui; yon boulanjri Buffalo ki te ede entwodui Pen Wonder nan Amerik la; yon premye Legliz Kreyèn Arab nan Brooklyn; ak yon bibliyotèk kominotè nan Adirondacks.

"Plas istorik New York yo se trezè ki pa gen pri ki ede nou konekte ak pase ak eritaj rich eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nominasyon sa yo reflekte gwosè fantastik istwa eta a ak wòl enpòtan New York te jwe nan evènman ki te ede eskipe nasyon nou an. Sa ki ajoute nan rejis istorik la ap ede asire gen resous ki disponib pou pwoteje plas pitorèsk sa yo epi istwa yo ap enspire nou nan lavni."

Yon lis nan Rejis Eta ak Nasyonal yo kapab ede pwopriyete yo modènize pwopriyete yo, pou fè yo vin kalifye pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou sibvansyon kontrepati eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo. Pandan deseni pase a, eta a te apwouve itilizasyon kredi enpo komèsyal reyabilitasyon an pou plis pase 1,000 pwopriyete istorik, ki atire plis pase 12 milya dola nan investisman prive.

"Dokimante resous istorik sa yo tankou Pak Eta yo ede prezève epi fè pwomosyon seri istwa enkwayab ki prezan nan eta a," **Erik Kulleseid, Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare.** "Lè nou asire rekonesans pou kote sa yo, sa bay resous k ap ede kenbe istwa sa vivan epi dinamik."

"Dènye nominasyon sa yo kontinye angajman Divizyon pou Konsèvasyon Istorik la (Division for Historic Preservation) pou deziyen ak sipòte lye istorik yo ki reprezante istwa popilasyon divèsifye eta nou an," **Daniel Mackay, komisyonè adjwen pou Konsèvasyon Istorik ak Pak Eta yo, te deklare.**

Senatè Jose Serrano, ki se prezidan Komite Sena a sou Kesyon Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi a (Senate Committee on Cultural Affairs, Tourism, Parks and Recreation), te deklare, "New York se fwaye anpil plas istorik enpòtan nan rejyon nan tout eta nou an. Kote sa yo bay bon jan opòtinite edikasyon, ansanm ak touris rejyonèl ki tèlman nesèsè. Mèsi Gouvènè Hochul ak Komisyone Kulleseid, paske nou ede idantifye epi prezève plas enpòtan ki te kontribye pou rann New York tèlman espesyal."

Yon [etid](#) ke Sèvis Pak Nasyonal (National Park Service) la te reyalize sou enpak kredi enpo a genyen sou djòb ak revni fiskal nan Eta New York, te jwenn ke ant 2015 ak 2019, kredi yo te jenere 67,578 djòb nan nivo nasyonal ak plis pase 195 milyon dola nan enpo lokal, eta ak federal.

Rejis Eta ak Nasyonal yo se lis ofisyèl bilding, estrikti, distrik, peyizaj, bagay ak sit enpòtan nan listwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a.

Gen plis pase 120,000 pwopriete istorik toupatou nan eta a ki nan Rejis Nasyonal Lye Istorik la, endividyèlman oswa tankou eleman nan distrik istorik yo. Mèt pwopriete yo, minisipalite yo, ak òganizasyon yo nan kominote toupatou nan eta a te pwopoze nominasyon yo.

Lè oomisè ki sèvi kòm ofisye prezèvasyon istorik eta a fin apwouve rekòmandasyon yo, y ap antre pwopriete sa yo nan Rejis Plas Istorik Eta New York la epi apre sa y ap pwopoze yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, apre sa y ap egzamine yo, epi depi yo apwouve yo, y ap antre yo nan Rejis Nasyonal la.

W ap jwenn plis enfòmasyon, ak foto sou nominasyon, disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la.

Distri Kapital

Konplèks Konpayi Car Heating, Konte Albany - Ki sitiye nan "Katie Depo," nan Vil Albany, konplèks endistriyèl an brick sa date nan ane 1890 yo epi reflete istwa vil la antanke yon katye jeneral chemenn fè rejyonal. Konplèks la ki te itilize anvan pou fabrike radyatè pou machin tren, ki enkli pou sistèm ray tren elve Manhattan lan, ansanm ak ekipman ki lye ak tren tankou bouton apèl ak pòt otomatik. Apre pwodiksyon obis atiyri pandan Dezyèm Gè Mondyal la, yo te itilize izin lan pi ta pou fè pwotèz dantè pasyèl, akrilik ak plastik dantè, ak elevatè pou reparasyon otomobil.

Finger Lakes

Konplèks Konpayi Lawyers Cooperative Publishing, Konte Monroe - Pandan kòmansman 20yèm syèk la, konpayi sa ki baze nan Rochester te piyonye nan piblikasyon bon mache, ki distribye piblikasyon legal pou avoka ak elèv yo. Apre li te demenaje an 1901 soti New Jersey, konpayi an te elaji an plizyè ansyen bilding moulèn epi devlope pou anplwaye 700 moun kòm dezyèm pi gwo pi editè liv dwa nan peyi Etazini. Antrepriz la te demenaje operasyon pwodiksyon li yo nan banlye

Rochester yo nan ane 1960 yo ki te fèmen an 1997. Konplèks la ki te fèmen an 2018, fè pati yon kredi taks pou reyabilitasyon istorik kounye a.

Distri Istorik Gregory Track, Konte Monroe - Yon katye rezidans, biznis, ak enstitisyon relijye, seksyon sa nan sidès Rochester date nan fen ane 1840 yo epi reprezante lojman modès klas mwayèn ak klas travayè a. Distri a enkli plis pase 600 estrikti epi yo rekonèt li jodi a kòm Pak Highlandk.

Izin J. Hungerford Smith Company, Konte Monroe - Izin 19yèm syèk la reflète divèsifikasyon endistriyèl nan vil Rochester. Yon ansyen izin mèb, li te devlope epi itilize pa J. Hungerford Smith Company nan pwodiksyon fui ak siwo fui li a pou bwason gazez ak fontèn soda. Yon lidè nasyonal nan endistri, konpayi an te anbake pwodiksyon li bay 50,000 dilè nan mond lan vè 1920. Faktori a te fèmen an 1963 epi li loje aktyèlman divès biznis komèsyal ak ti antrepriz endistriyèl ak apatman rezidansyèl.

Distri Istorik Leander McCord Houses, Konte Monroe - Senk kay nan Estil Neo-Tudor sa yo nan vil Rocheste te desine pa achitèk enpòtan vil la, Leander McCord epi yo te konstui ant 1923 ak 1924. Kay yo kenbe pwopriyete ekstèn ak entèn orijinal yo epi prezante yon ti anklav ki enspire nan stil Anglè nan katye Maplewood la.

Long Island

Legliz Episkopal Metodis Sen Pòl (St. Paul's Methodist Episcopal Church), Konte Suffolk - Sitiye nan vilaj maritim nan Northport, legliz la te fini an 1873 epi li prezante desen orijinal Neo Klasik frapan li a avèk eleman Women ak Italyen. Legliz la ki toujou ap itilize jodi a, reprezante prezans ak enfluyans long relijyon Metodis la nan pase Long Island.

Mid-Hudson

Chato Hillig, Konte Sullivan - Sitiye anlè Montay Washington toupre vilaj Liberty, "chato" an wòch nan estil Ewopeyen sa te fini an 1937 pa Otto Hillig, yon imigran Alman ki te genyen richès ak enpòtans nasyonal antanke yon fotograf enpòtan peyizaj Catskills yo depi ti avyon. Fotograf la ke yo rele "fotograf volan," an te vin selèb nan nivo entènasyonal an 1931, antanke ke sèl pasaje sou yon vòl avyon tranzatlantik soti Etazini pou ale an Ewop pa yon avyatè barnstorming Danwa. Chato a te tonbe an win apre lanmò Hillig an 1954 men li pat restore.

Bilding Kingston Gas & Electric Co., Konte Ulster - Te konstui an 1911, ansyen syèj sosyal ki te dirije adopsyon gaz ak elektrisite vil la pandan kòmansman ventyèm syèk la. Li te fonksyone tou pandan yon moman kòm yon vandè aparèy gaz ak elektrik an detay nan objektif pou konvenk konsomatè mefyan yo pou renonse ak chabon. Bilding lan itilize aktyèlman pou komès detay ak rezidansyèl.

Lojman Domestik nan Kingston, Konte Ulster - Te konstui an 1890 epi yo te ajoute sou li an 1914, kay Renesans Kolonyal sa genyen eleman estil Rèn Anne epi reflete yon katye ki te okipe pa elit 19yèm syèk la nan Kingston. Li te konstui orijinalman pou bankye enpòtan Charles D. Bruyn.

Distri Istorik Asbury Historic, Konte Ulster - Sitiye nan pwent nò vil Saugerties, pwopriyete agrikòl 101 Ekta sifas sa konpoze ak pwopriyete 18yèm syèk ki kenbe imèv orijinal ak tè agrikòl ki date nan moman etablisman yon fanmi Alman Palatin nan ane 1730 yo. Tout karakteristik kay an wòch kalkè nan estil Kolonyal Olandè Premye Repiblik la.

Mohawk Valley

Mezon Van Slyke, Konte Herkimer - Rezidans Neo-Grèk sa ki te konstui an 1860, konsève anpil nan karakteristik orijinal li, ki enkli kònich pwofon, retou kònich ak kònich kwen, ansanm ak plan andedan ak yon gran pati nan travay finisyon an ki pa chanje. Rezidans lan reflete istwa agrikòl zòn nan, ki te kòmanse ak arive imigran Alman Palatin yo nan ane 1720 yo dapre yon brevè fonsye wayal. Yo te deplase rezidans lan lejèman nan sid an 1953 nan kad konstriksyon Nouvo New York State Thruway la ak Route 5S la.

Legliz Evanjelik Luteryen (Evangelical Lutheran Church), Konte Otsego - Te konstui an 1839 nan estil Neo-Grèk, legliz an vwa sa te renove an 1887 pou antre eleman Neogotik. Legliz la te konstui pou kominote lokal la epi li te asosye ak Seminè Hartwick la, premye seminè Literyen nan Etazini, ki te nan konvansyon an 1815.

New York City

Legliz Pwotestan Episkopal Sen Pyè (St. Peter's Protestant Episcopal Church), Brooklyn - Legliz sa ki fè pati Achidyosèz Kreyen Ôtodòks Antyòch la, - kounye a ki se Katedral Ôtodòks Antyòch Sen Nikola (St. Nicholas Antiochan Orthodox Cathedral) -te jwe yon wòl nan favorize kominote Kreyen Ôtodòks ki pale Arab la nan Brooklyn pandan kòmansman 20yèm syèk la. Imigran Siryen ak Libanè ki te fòme yon kongregasyon nan kòmansman nan Manhattan nan 1895 te demenaje ale Brooklyn plizyè ane pi ta epi te achte ansyen legliz Pwotestan Episkopal la an 1920. Se pi anyen legliz Kreyen Ôtodòks Antyòch ki kontinye api itilize nan Amerik Dinò.

North Country

Bibliyotèk Mountainside Free, Konte Warren - Nan operasyon depi konstriksyon li an 1904, bibliyotèk kominotè estrikti an bwa senp sa nan Adirondack nan vil Queensbury, nan rejyon Lake George/Dunham Bay, te fonde pa otè, istoryen ak edikatè rejyonal, Edward Eggleston. Otè a ki te bay kèk nan liv pèsònèl li pou pwojè bibliyotèk la, te yon womansye rejyonal ki te ekri sou eksperyans fwontyè Ameriken an. Kay li ki te sou kote a, Owl's Nest, te deziyen kòm yon Pwen Repè Istorik Nasyonal an 1971. Bibliyotèk la te dirije pandan lontan pa volontè epi li pa t gen pèsònèl ki peye.

Chapèl ak Presbitè Legliz Asansyon (Church of the Ascension), Konte Franklin - Legliz an rich ristik ki sitiye nan vilaj Adirondack, Saranac Inn, te fini an 1884 epi reflète estil Neogotik la. Legliz la te yon repons pou popilarite touris toupre Saranac Inn, ki te rele anvan Prospect House Resort, ki pa egziste ankò. Devlope an 1903, li genyen fenèt an vitray ke kèk fanmi ki t ap vizite te bay ki te pase sete yo nan zòn nan. Yon bongalow nan estil atizanal ak estrikti an bwa modès sèvi kòm presbitè a.

Southern Tier

Distri Istorik Main Street, Konte Broome - Zòn nèt seksyon sa nan vil Binghamton date ant 1870 ak 1940 epi genyen yon melanj achitekti komèsyal, rezidansyèl, sivik ak relijye. Li genyen sèt bilding ki dejan nan Rejis Nasyonal Eta ak Plas Istorik yo.

Western New York

Izin Continental Baking Company, Konte Erie - Boulanjri endistriyèl sa ki konstui kòm syèj sosyal Ward & Ward baking company an 1915, te ede entwodui Pen Wonder nan Amerik la an 1925. Pi ta, izin nan te pwodui Pen Wonder tranche, ki ede fòje ekspresyon "pi gwo bagay depi pen tranche (the greatest thing since sliced bread)." Nan pik li, etablisman an te ka pwodui 6,000 pen pa èdtan nan fou an mas li yo. Boulanjri a te fèmen an 2004 apre konpayi prensipal la te depoze bilan pou fayit. Pwopriyete a te reyabilite kounye a nan pwogram kredi enpo istorik la.

Etablisman Perot Malting Company (Ekspansyon Limit Konplèks American Grain), Konte Erie - Te antre nan Rejis Nasyonal la an 2012, lis pou American Grain lan te elaji pou enkli etablisman Perot Malting Company ki akote a, ki reflète ogmantasyon endistri trètman ak ekspedisyon sereyal vil la nan kòmansman ventyèm syèk la, ansanm ak fabrikasyon malt ak byè. Etablisman Perot entak la, ki date an 1906 genyen ladan l asansè pou sereyal, maltri ak vwa fewovye. Li te itilize pou kòmansman pwodiksyon byè Genesee an 1984; etablisman an te fèmen nan kòmansman ane 2000 yo men li ap reyabilite kounye a nan pwogram kredi taks istorik la.

Konplèks Legliz Katolik Women Sen Jan (St. John Kanty Roman Catholic Church), Konte Erie - Konplèks la ki te konstrui orijinalman an 1891 epi ki te fini an 1966 nan Buffalo genyen ladan l yon legliz Neogotik, yon presbitè Neofederal, yon kouvan, ak yon lise (sal lekti). Kwasans li reflète kwasans kominote imigran Polonè a nan katye Sidès vil la soti nan fen 19yèm syèk rive nan kòmansman 20yèm syèk la. Nan moman konstriksyon legliz la te genyen apeprè 80,000 Polonè ki te abite nan zòn nan, ki fè "Polòy" Buffalo a youn nan kominote Polonè ki pi gran nan Etazini.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif, ak lansman bato, ke yon kantite rekò 78 milyon moun te vizite an 2020. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis

enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, konekte sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)